# आकाशवाणी, गोरखपुर

## <u>दिनांक–13 सितम्बर 2025</u> <u>भोजपुरी समाचार</u>

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में डॉक्टर राम मनोहर लोहिया आयुर्विज्ञान संस्थान के स्थापना दिवस समारोह में सामिल भइलें अउर दुइ सौ अट्ठानबे करोड़ रूपिया क परियोजनन क लोकार्पण अउर सिलान्यास कइलें। येह मौका पर उहां के संस्थान के कार्यन क प्रसंसा करत कहलीं कि प्रदेस के भित्तर स्वास्थ्य क्षेत्र में डॉक्टर राम मनोहर लोहिया आयुर्विज्ञान संस्थान क खास जोगदान हौ।

***डा0 राम मनोहर लोहिया आयुर्विज्ञान संस्थान पांच वर्ष में प्रदेश के अंदर जो हमारे तीन टॉप के चिकित्सा संस्थान है। जिसमें केजीएमयू एक सौ दस वर्ष की अपनी आयु पूरी कर चुका है। तो स्वाभाविक रूप से वह तो आगे रहेगा ही रहेगा। एसईपीजीआई वह भी कमोवेश चार दशत पुराना है लेकिन आप लोग पांच वर्ष में या उन्नीस वर्ष एक लम्बी छलांग लगा कर के प्रदेश के अंदर पचीस करोड़ की आबादी में आपने नम्बर तीन के स्थान के साथ तीसरे तीन टॉप के जो संस्थान है टॉप थ्री में हम अपने आपको स्थापित कर चुके हैं।***

मुख्यमंत्री कहले कि लोहिया संस्थान एगो अइसन जगही पर स्थित हौ जवन पूरबी उत्तर प्रदेस क मुहाना हौ। ईहा क हर मरीज सबसे पहिले राम मनोहर लोहिया आयुर्विज्ञान संस्थानो मे आवेला। एकरे बाद केजीएमयू चाहे एसजीपीजीआई के तरफ जायेला। उहां के कहलीं कि प्रदेस में चिकित्सा अउर चिकित्सा शिक्षा में भइल सुधारन के दिसा में लोहिया संस्थान सराहनीय जोगदान दिहले हवे। येह मौका पर उप मुख्यमंत्री बृजेश पाठक के सथही कईगो जन प्रतिनिधि अउर अधिकारी मौजूद रहलें।

**********

प्रदेस क औद्योगिक विकास राज्य मंत्री जसवंत सैनी आजु अयोध्या में विभागीय कार्यन क समीक्षा बइठकी के बाद मीडिया से बतियावत कहलें कि प्रदेस सरकार उद्योग के बढ़ावे देवे बदे लगतारे कार कई रहल हवे। कानून में संशोधन, उद्योगपतियन के जमीनि उपलब्ध करावल अउर सिंगल विंडो प्रणाली से समाधान उपलब्ध करावल सरकार क खास कोसिस हौ। येह से बढ़हन संख्या में उद्योगपति निवेस खातिर उत्तर प्रदेस के बेहतर जगहि मान रहल हवे।

**********

येह बरिस स्वतंत्रता दिवस के मौका पर लाल किला के प्राचीर से प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दिवाली ले जीएसटी सुधारन के अगिला पीढ़ी क घोसणा कइलें। कर मुक्त समानन बदे सुधारन पर एगो रिपोर्ट–

***अगिला पीढ़ी क जीएसटी सुधारन में सरकार कई गो जरूरी समानन के जीएसटी से मुक्त कइ दीहल गइल बा। नया ढांचा में सब्जी, फल, मेवा अउर जूस जइसन समानन पर जीएसटी क दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। ओहीं नमकीन, भुजिया अउर किक्सचरो पर बारह फीसदी जीएसी क दर से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल हौ। एकरे अलावा कैंडी, टॉफी, जेली जइसन समाननों पर जीएसटी क दर अठारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल बइल बा। एगो किराना दोकानदार सुरेश बतवलें कि सरकार आवे वाला तिउहारी सीजन से पहिले लोगिन के बढ़हन राहति दिहले हौ।***

***पहले 18 परसेंट जीएसटी था उसको आज12 परसेंट कर दिये है। पांच परसेंट था जो जीएसटी उसको जीरो कर दिये है। आज तेल, साबुन, पेस्ट, घी, तेल सभी का फाइव परसेंट कर दिया। ये सैंट्रल गर्वमेंट का बहुत बड़ा चमत्कार है।***

***जीएसटी दरन में कटउती से रोजाना क जरूरी समान क खुदरा कीमति कम होई जेहसे एहकर खपत अउर मांगो बढ़ी। एकरे अलावा करीब सज्जो खाद्य उत्पादन क कम कीमति से जिनगी बितावल असानो होई। देस भर क लोगि जीएसटी में भइल येह बदलाव क स्वागत कइ रहल हवें, काहें से कि जीएसटी कम हो गइले से परिवार पर आरथिक दबाव कम भइले क सम्भावना हौ। नया कर क दर येह महिन्ना के बाइस तारीख से लागू होई। आकाशवाणी नई दिल्ली से नीतिका गुप्ता के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से वेद प्रकाश पाठक।***

**********

प्रदेस क बेसिक शिक्षा विभाग अउर मथुरा जिला क प्रभारी मंत्री संदीप सिंह आजु वृन्दावन स्थित अक्षय पात्र फाउंडेशन क केन्द्रीकृत रसोई घर का दौरा कइलें। अउर उहां लगल आधुनिक मसीनन क निरीक्षण कइले के सथही तइयार हो रहल भोजन के गुणवत्ता क जनकरी लिहलीं। मंत्री कहलें कि अक्षय पात्र फाउंडेशन क ई रसोई घर जिला अउर ओकरे लग्गे के सैकड़ों प्राथमिक विद्यालय के लइकन बदे रोजाना दुपहरिया क भोजन तइयार करेला। ई कार सरकार क एगो खास उपलब्धि अउर सराहनीय पहल हौ। श्री सिंह जिला में बाढ़ क स्थिति अउर चलि रहल कारयन क समीक्षो कइलें।

**********

पितृपक्ष के मौका पर आजु नमामि गंगे के सदस्य बनारस के घाटन पर विसेस स्वच्छता अभियान चला के पितरन के नमन कइलें। येह दौरान मां गंगा के आरती कई के सदस्य लोगि पितरन के आत्मा के सान्ति अउर उनकर आसीर्वाद क कामना कइलें।

**********